

**KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ NILAI-NILAI KEPEMIMPINAN
WONTÊN ING SÊRAT CINGKÂRADEWÂ**

E-JOURNAL SKRIPSI

**Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jêjangkêping Pandadaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan**



**déning
Khusnatun Khasanah Taofiqi
NIM 14205241059**

Yogyakarta, 2 Juli 2018
Pembimbing,

Dra. Hesti Mulyani, M. Hum.
NIP 19610313 198811 2 002

Yogyakarta, 3 Juli 2018
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ NILAI-NILAI KEPEMIMPINAN WONTÊN ING SÊRAT CINGKÂRÂDÉWÂ

PHILOLOGYCAL STUDY AND THE VALUE OF LEADERSHIP IN THE SERAT CINGKÂRÂDÉWÂ MANUSCRIPT

déning: Khusnatun Khasanah Taofiqi, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta khusnatun1996@gmail.com

Sarining Panaliten

Panalitèn mênikâ ngêwrat ênêm ancas panalitèn. Sasampunipun nindakakên *inventarisasi naskah*, ancasing panalitèn mênikâ kanggé: (1) ngandharakên *deskripsi naskah Sêrat Cingkâradéwâ*, (2) ndamêl *transkripsi teks Sêrat Cingkâradéwâ*, (3) ndamêl *transliterasi teks Sêrat Cingkâradéwâ*, (4) ndamêl *suntingan teks Sêrat Cingkâradéwâ*, (5) ndamêl *terjemahan teks Sêrat Sêrat Cingkâradéwâ*, sâhâ (6) ngandharakên *nilai-nilai kepemimpinan ing teks Sêrat Cingkâradéwâ*. Panalitèn mênikâ ngginakakên *metode* panalitèn *deskriptif sâhâ metode* panalitèn *filologi*. *Validitas* ingkang dipunginakakên, inggih mênikâ *validas semantik*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakakên, inggih mênikâ *reliabilitas intrarater sâhâ reliabilitas interrater*. Asiling panalitèn mênikâ ngandharakên ênêm bab. Ingkang kaping satunggal ngandharakên *deskripsi naskah sâhâ teks Sêrat Cingkâradéwâ* ingkang kawontênanipun taksih saé, wêtah, sêratanipun taksih sagêd dipunwaos kanthi cêthâ. Kaping kalih, *transkripsi teks Sêrat Cingkâradéwâ* dipungarap kanthi nyêrat malih *teks Sêrat Cingkâradéwâ* mawi aksârâ Jâwâ ingkang kasêrat carik, kados mênâpâ wontênipun. Kaping tigâ, *transliterasi teks Sêrat Cingkâradéwâ* ngasilakên *kekhasan teks*. Kaping sakawan, *suntingan teks Sêrat Cingkâradéwâ* dipungarap kanthi ngirangi utawi nambahi aksârâ, wândâ, ukârâ ingkang *korup*, kapanggihakên tigâ têngbung ingkang dipunsêrat ing *aparatur kritik*. Kaping gangsal, *terjemahan teks Sêrat Cingkâradéwâ*, wontên satunggal têngbung ingkang kapanggihakên ing sêratan *terjemahan*. Kaping ênêm, *teks Sêrat Cingkâradéwâ* ngêwrat *nilai-nilai kepemimpinan* kathahipun wontên sêlangkung *nilai-nilai kepemimpinan*.

Pamijining têngbung: kajian filologi, *nilai-nilai kepemimpinan teks Sêrat Cingkâradéwâ*

Abstract

This study has six different aims after manuscript inventaritation. Consequently, they are (1) to describe the Serat Cingkaradewa manuscript, (2) to make the transcript of Serat Cingkaradewa text, (3) to make the transliteration of Serat Cingkaradewa text, (4) to make the editing of Serat Cingkaradewa text, (5) to make the translation of Serat Cingkaradewa text, and (6) to analyze the value of leadership in Serat Cingkaradewa text. The methods used in this study are descriptive and philological research method. Semantic validity is used in this study as the validity measurement. The reliability used in this study is intra-rater and inter-rater reliability. The result of this study includes six different chapters. The first chapter explains about the description of Serat Cingkaradewa manuscript, whose condition is still good and the writing can be read clearly. The second is about the Serat Cingkaradewa transcription text, which is done by re-writing the Serat Cingkaradewa text by using Javanese letters through handwriting as it is. Third result, the transliteration of Serat Cingkaradewa text results the characterization of the text. The fourth result is the editing of Serat Cingkaradewa text, which is done by lessening or adding the letter, word, corrupted sentence. In total, there are three words in the critical apparatus. The fifth result is the translation of Serat Cingkaradewa text. There is one word found in the translation note. The twenty fifth result consists of 25 leadership values in the Serat Cingkaradewa text.

Keywords: philological study, value of leadership in Serat Cingkâradéwâ text

PURWĀKĀ

Têtilaran kabudayan Jawi mênikå manawi dipunétang cacahipun kathah sangêt. Têtilaran mênikå wontên ingkang awujud têtilaran botên kasêrat sâhå têtilaran ingkang kasêrat. Têtilaran ingkang botên kasêrat tuladhanipun inggih mênikå candhi, *prasasti*, sâhå sanès-sanèsipun, déné tuladhanipun têtilaran ingkang kasêrat inggih mênikå *naskah*. Miturut Baroroh-Baried (1985: 54), *naskah* inggih mênikå sêratan tangan utawi carik ingkang ngêwrat sadâyå pamanggih sâhå pangraos minangkå asiling budâyå bângså wontên ing jaman rumiyin.

Naskah ngêwrat bab manékå warni adhêdhasar isining *teks*. Sapérangan agêng isining *teks* mênikå mumpangati tumrap gêsanging masarakat amargi ngêwrat *teks* piwulang. Tulådhå *naskah* ingkang ngêwrat *teks* piwulang inggih mênikå *Sêrat Cingkårådewå*.

Sêrat Cingkårådewå inggih mênikå salah satunggaling *naskah* ingkang ngêwrat bab piwulang gêsang kanggé pârå nâtå utawi manungså wontên ing alam donyå. Tuladhanipun, piwulang gayut kaliyan bab priyantun ingkang kêdah ngabêktos ing Jawâtå tumrap priyantun ingkang ngrasuk agami Hindhu, kêdah ajrih utawi urmat dhumatêng ratu utawi dhumatêng pangarsanipun, ugi kêdah gadhah raos wêlas asih dhatêng sêsaminipun. Bab mênikå wigatos tumrap gêsanging manungså sâhå

taksih *relevan* murakabi wontên ing jaman samênikå.

Naskah Sêrat Cingkårådewå dipundadosakên *sumber* panalitèn amargi *naskah Sêrat Cingkårådewå* dèrèng naté dipuntaliti ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*, kawontênanipun *naskah Sêrat Cingkårådewå* taksih saé. Jilidanipun samak taksih krakêt, satêmah botên wontên lembaran sêrataning *teks* ingkang lêpas, kacanipun ugi jangkêp. *Naskah Sêrat Cingkårådewå* ngêwrat andharan bab *nilai-nilai kepemimpinan* wontên ing pagêsan. Piwulang mênikå taksih murakabi tumrap gêsanging masarakat jaman samênikå.

Adhêdhasar andharan dhasaring panalitèn, wosing prakawis ingkang dipunrêmbag kados ing ngandhap mênikå.

1. Kadospundi *deskripsi naskah Sêrat Sêrat Cingkårådewå*?
2. Kadospundi *transkripsi teks Sêrat Sêrat Cingkårådewå*?
3. Kadospundi *transliterasi teks Sêrat Cingkårådewå*?
4. Kadospundi *suntingan teks Sêrat Cingkårådewå*?
5. Kadospundi *terjemahan teks Sêrat Cingkårådewå*?
6. Mênåpå kémawon *nilai-nilai kepemimpinan* ing *teks Sêrat Cingkårådewå*?

Filologi inggih mênikå satunggaling ngèlmi ingkang kaginakakên kanggé nyinaoni isining sêratan, inggih adhêdhasar

bahan ingkang sinêrat sâhå ancasipun kanggé mahyakakên maknaning *teks* (Baroroh-Baried (1985: 3). Ancasing panalitèn *filologi* miturut Baroroh-Baried (1985: 5-6) kapérang dados kalih, inggih mênikå ancasing *filologi* ingkang *umum* sâhå ancas ingkang *khusus*.

Ancasing panalitèn *filologi* tumrapping *teks* “*Sêrat Cingkarâdéwå*” inggih mênikå kanggé mangrêtosî sâhå ngrêmbag *nilai-nilai* budâyå jaman rumiyin wontên ing salêbêting *teks*. Baroroh-Baried (1985:3) ngandharakên bilih *filologi* mênikå ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun inggih mênikå *naskah* sâhå *teks*. Ngèlmi *filologi* kapérang dados kalih *aliran*. Miturut Baroroh-Baried (1985: 2-3), kalih *aliran* mênikå inggih *filologi tradisional* sâhå *filologi modern*.

Aliran filologi ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *aliran filologi modern* amargi panalitèn mênikå ancasipun kanggé ngandharakên isining *teks* “*Sêrat Cingkarâdéwå*” ingkang gayut kaliyan *nilai-nilai kepemimpinan*.

Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *langkah-langkah* wontên ing panalitèn *filologi*. Miturut Mulyani (2012:3) lampahipun panalitèn *filologi* wontên ênêm, inggih mênikå: 1. *inventarisasi naskah*, 2. *deskripsi naskah*, 3. *alih tulis teks*, 4. *suntingan teks*, 5. *terjemahan teks*, 6. *analisis teks*. *Inventarisasi naskah* mênikå wiwitan lampahing panalitèn *filologi*. *Inventarisasi*

naskah inggih mênikå *ndaftar sadâyå naskah* ingkang dipunpanggihakên, kanthi cârà studi katalog ugi kanthi cârà ningali kanthi langsung kawontênaning *naskah* ing *perpustakaan*. *Deskripsi naskah* sâhå *teks* inggih mênikå ndamêl *uraian* utawi *gambaran* kahanan *naskah* kanthi cârà *fisik* ugi *non-fisik (teks)* ingkang langkung tliti sâhå dipunjlènrèhakên kanthi cêthå. Alih tulis mênikå wontên warni kalih, inggih mênikå *transkripsi* sâhå *transliterasi*.

Transkripsi inggih mênikå *alih tulis* sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang sami kaliyan aksåråning *teks*. *Metode transkripsi* dipunpérang dados kalih, inggih mênikå *metode transkripsi diplomatik* sâhå *metode transkripsi standar*. Miturut Baroroh-Baried lumantar Mulyani (2014: 30).

Transliterasi inggih mênikå *alih tulis* sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang botên sami kaliyan aksåråning *teks*. *Transliterasi* inggih mênikå *alih tulis* kanthi nggantos jinising sêratan *naskah* ingkang dipunsalin. *Transliterasi* ugi dipunsêbut *alih huruf* utawi *alih aksårå* (Surono, 1983: 13). *Metode transliterasi* dipunpérang dados kalih, inggih mênikå *metode transliterasi diplomatik* sâhå *metode transliterasi standar*.

Metode transliterasi diplomatik inggih mênikå cârà anggènipun *transliterasi* sêrataning *teks* ingkang kasêrat mênåpå wontènipun kados déné sêratan *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang bédå. Wondéné, *metode transliterasi standar* utawi *kritis*,

inggih mênikå cårå anggènipun *transliterasi* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar *ejaan* ingkang sampun dipunsampurnakakên utawi dipunjumbuhakên kaliyan *Ejaan yang Disempurnakan* (EYD) ingkang limrah. *Suntingan teks* miturut Baroroh-Baried (1985: 69) wontên kalih, inggih mênikå *suntingan teks edisi diplomatik* sâhå *suntingan teks edisi standar*.

Terjemahan teks inggih mênikå ngéwahi bâsâ saking bâsâ *sumber*-ipun utawi bâsâning *teks* dhatêng bâsâ *sasaran*-ipun (bâsâ ingkang dipunpilih ingkang dipunjumbuhakên kaliyan ancasipun) utawi nggantos bâsa saking bâsâ aslinipun dhatêng bâsâ *sasaran*-ipun (Darusuprpta, 1996: 9). *Terjemahan* dipunpérang dados tigå, inggih mênikå *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *têgês sâhå terjemahan bebas* (Mulyani, 2014: 48).

Analisis teks inggih mênikå ngandharakên mênâpå kémawon isinipun *teks* sâhå *konteks*-ipun miturut *perspektif* utawi *ilmu bantu* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå ngèlmi sastrå (Fathurahman, 2015: 96) utawi kasusastran sâhå kabudayan.

Wontên ing panalitèn mênikå, *analisis teks* dipundamêl kanthi ngrêmbag *nilai-nilai kepemimpinan* wontên ing *teks* “*Sêrat Cingkarådéwå*”. *Kepemimpinan* inggih mênikå satunggaling kagiyatan kanggé *mempengaruhi* tumindakipun tiyang sanès (Sunindhia, 1993: 4).

Wondéné *nilai-nilai kepemimpinan* inggih mênikå sipat-sipat ingkang kêdah dipungadhahi déning *pemimpin* utawi satunggaling nâtå. Ngalim Purwanto lumantar Sunindhia (1993: 66) ngandharakên bilih sipat-sipat ingkang kêdah dipungadhahi déning pangarså utawi nâtå mênikå wontên ênêm.

METODE PANALITÈN

Panalitèn mênikå kalêbêt jinising panalitèn *filologi modern* kaliyan panalitèn *deskriptif*. Ancasipun ngginakakên *metode panalitèn deskriptif* wontên ing panalitèn mênikå, inggih mênikå kanggé ngandharakên kawontênanipun *teks* “*Sêrat Cingkarådéwå*”, adhêdhasar kawontênan sanyatanipun. Kajawi saking mênikå, lampahing panalitèn *filologi* ing nginggil, dipunandharakên kanthi *deskriptif*.

Naskah ingkang dipunginakakên kanggé *sumber* panalitèn mênikå *naskah Sêrat Cingkarådéwå* sêratan cithak. *Naskah mênikå koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa* kanthi nomêr kodeks Bb. 1. 118. Wondéné ingkang dados *sumber data* inggih mênikå *teks* “*Sêrat Cingkarådéwå*”.

Cårå anggènipun ngêmpalakên *data* ngginakakên garapaning panalitèn *filologi* kadostå *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah sâhå teks*, *transkripsi*, *transliterasi*, *suntingan*, sâhå *analisis isi teks* “*Sêrat Cingkarådéwå*”. Lampahing panalitèn

filologi kanggé ngandharakên isining teks “*Sêrat Cingkârdéwå*”.

Pirantosipun panalitèn ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå awujud *kartu data*. *Kartu data* dipundamêl kanggé nyêrat *data-data* ingkang dipunrêmbag. *Kartu data* ingkang dipunginakakên inggih *kartu data deskripsi naskah sâhå teks*, *kartu data* kanggé nyathêt asiling *transliterasi sâhå asiling suntingan teks*, *kartu data* kanggé nyathêt asiling *terjemahan teks*, *sâhå kartu data analisis isi teks Sêrat Cingkârdéwå*.

Teknik analisis data ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå, inggih mênikå *teknik analisis deskriptif*. Kaelan (2005: 68) ngandharakên bilih *teknik analisis data* wontên sakawan, inggih mênikå maos sâhå *reduksi data*, *pengkategorian*, *display data*, sâhå *penafsiran*.

Caranipun ngêsahakên *data* wontên panalitèn mênikå dipuntindakakên kanthi *validitas sâhå reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *validitas semantik*. Wondéné *uji reliabilitas* ingkang dipuntindakakên inggih mênikå *reliabilitas intrarater sâhå reliabilitas interrater*.

Reliabilitas intrarater dipuntindakakên inggih kanthi maos *teks “Sêrat Cingkârdéwå”* ingkang dipunambal-ambali satêmah dipunpanggihakên *data* ingkang sami sâhå

ajêg (Kaelan, 2005: 177). *Reliabilitas interrater* ugi dipuntindakakên, inggih kanthi cârâ nyuwun pamanggihipun tiyang sanès ingkang nguwaosi ngèlmi *filologi* kanggé paring têtimbangan nalikå panalitèn mênikå dipuntindakakên, inggih mênikå *dosen pembimbing*.

ASILING PANALITÈN

Deskripsi Naskah sâhå Teks Sêrat Cingkârdéwå

Deskripsi naskah sâhå teks “Sêrat Cingkârdéwå” mênikå katindakakên kanthi ningali piyambak kawontênanipun *naskah* wontên ing papan panyimpêning *naskah* inggih mênikå wontên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta. Asiling *deskripsi naskah Sêrat Cingkârdéwå* inggih *Sêrat Cingkârdéwå* mênikå kasêrat mawi aksârå Jåwå cithak, bâsânipun ngginakakên bâså Jawi Anyar, sâhå mawi dhapukan gancaran.

Kawontênanipun *naskah Sêrat Cingkârdéwå* mênikå ugi taksih saé sâhå taksih sagêd dipunwaos. Wondéné asiling *deskripsi teks* inggih mênikå *teks “Sêrat Cingkârdéwå”* mênikå kapérang dados tigang pérangan, inggih pambukå, isi, sâhå panutup.

Transkripsi Teks “Sêrat Cingkârdéwå”

Transkripsi inggih mênikå ndamêl alih tulis sêrataning *teks* kanthi aksârå ingkang sami, inggih mênikå aksârå Jåwå. *Transkripsi* katindakakên amargi *naskah Sêrat Cingkârdéwå* awujud *naskah* cithak.

Ancasipun ndamêl *transkripsi* inggih mênikå kanggé nglêstantunakên *teks* “*Sêrat Cingkårådéwå*”. *Transkripsi teks* “*Sêrat Cingkårådéwå*” ngginakakên *metode diplomatik*.

Sinaoså ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*, nanging wontên sapérangan prakawis ingkang kasêrat botên sami kaliyan *teks* aslinipun, kados tå *transkripsi teks* “*Sêrat Cingkårådéwå*” ngginakakên wujud sêrataning *teks* adhêdhasar saking sêratan panaliti piyambak, botên sami kaliyan wujud sêratan *teks* aslinipun, ugi urutaning sêratan *teks* kajumbuhakên kaliyan kawontênaning dlancang sabên kacanipun sâhå panyêrating gantos ing kâcå kasêrat mawi tandhå garis jêjêg (|) sâhå angkaning kâcå kasêrat wontên ing sisih têngên *teks*.

Transliterasi sâhå Suntingan teks “*Sêrat Cingkårådéwå*”

Transliterasi inggih mênikå ndamêl alih tulis sêrataning *teks* “*Sêrat Cingkårådéwå*” kanthi aksårå ingkang bédå, inggih mênikå saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin. *Metode transliterasi* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *transliterasi standar*. *Transliterasi standar* katindakakên kanthi gantos aksåråning *teks* adhêdhasar *ejaan bâså Jawi* ingkang lumampah sâhå tåtå panyêrating aksårå Jåwå. Anggènipun ndamêl *transliterasi teks* “*Sêrat*

Cingkårådéwå” ngginakakên pandom *transliterasi*.

Pandom *transliterasi* kaginakakên kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *transliterasi teks* “*Sêrat Cingkårådéwå*”. Pandom *transliterasi* ngandharakên panyêrating aksårå carakan sâhå pasanganipun, panyêrating aksårå murdå, panyêrating aksårå swårå, panyêrating sandhangan, panyêrating sandhangan panyigêging wåndå, panyêrating sandhangan wyanjånå, panyêrating tandhå *diakritik* é, è, ê, panyêrating aksårå (o) dipunsêrat dados (å) /taling tarung palsu, panyêrating têmbung dwilinggå, panyêrating aksårå hå ingkang cêthå sâhå hå ingkang amfang, panyêrating têmbung dwipurwå, panyêrating aksårå yå dipunsêrat dados aksårå hå, panyêrating aksårå *konsonan* ingkang kasêrat rangkêp, panyêrating aksårå *kapital*, sâhå panyêrating aksårå (k) dipunsêrat dados (g).

Suntingan teks ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *suntingan teks edisi standar*. Pandom *suntingan* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå ngginakakên tandhå kanggé nggampilakên anggènipun *nyunting teks* “*Sêrat Cingkårådéwå*”. Robson (1994: 25), ugi ngandharakên bilih *suntingan teks diplomatik* dipuntindakakên kanthi cârå maos têmbung-têmbung wontên ing satunggaling *teks*, satêmah sagêd nggambarakên kadospundi kawontênan

utawi *konvensi* wontên ing wêkdal sâhå papan wontên ing jaman rumiyin.

Robson (1994: 25), ugi ngandharakên bilih *suntingan teks diplomatik* dipuntindakakên kanthi cârâ maos têmbung-têmbung wontên ing satunggaling *teks*, satêmah sagêd nggambarakên kadospundi kawontênan utawi *konvensi* wontên ing wêkdal sâhå papan wontên ing jaman rumiyin.

Wondéné, *suntingan teks edisi standar* dipuntindakakên kanthi nglêrêsakên sêratan-sêratan ingkang lêpat sâhå *ketidakjegan sartâ ejaan*-ipun dipunjumbuhakên kaliyan paugêran ingkang dipunginakakên. Robson (1988: 20) ugi ngandharaken bilih “*the critical edition of one manuscripts, on the other hand, does much more to help the reader*” ingkang têngêsipun *metode suntingan teks edisi standar* utawi *suntingan teks edisi kritis* langkung nggampilakên pamaos.

Asiling *transliterasi sâhå suntingan teks* “*Sêrat Cingkâradéwå*” kaandharakên kanthi *tabel*. Têtêmbungan ingkang dipun-*sunting* dipunsêrat ing *aparât kritik*. Ancasing katindakakên *aparât kritik* inggih mênikå kanggé nglêrêsakên *teks* ingkang *korup*, satêmah mbiyantu pamaos anggènipun mangrêtosî isining *teks* “*Sêrat Cingkâradéwå*”.

Salajêngipun, kapanggihakên tigå têmbung ingkang dipun-*sunting* inggih mênikå têmbung bêtjå dipun-*sunting* dados

bêtjå, têmbung kabêtjån dipun-*sunting* dados kabêtjån, têmbung kawidakdan dados kawidagdan.

Saking asiling *transliterasi* kapanggihakên kalih têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks* “*Sêrat Cingkâradéwå*” inggih mênikå têmbung calimut sâhå têmbung sahuwat.

Terjemahan Teks “Sêrat Cingkâradéwå”

Terjemahan teks “Sêrat Cingkâradéwå” katindakakên kanthi nggantos basaning *teks*, inggih mênikå saking bâså Jawi dados bâså Indonesia. *Metode terjemahan* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi* utawi maknå, sâhå *terjemahan bebas* ingkang dipungarap kanthi kontekstual.

Asiling *terjemahan teks* “*Sêrat Cingkâradéwå*” kasêrat kanthi wujud *tabel* ingkang dipunjèrèkakên kaliyan *teks* “*Sêrat Cingkâradéwå*” ingkang sampun dipun-*sunting*. Salajêngipun, kapanggihakên satunggal têmbung ingkang dados cathêthan *terjemahan*.

Analisis Nilai-nilai Kepemimpinan

Panalitèn mênikå ngandharakên *nilai-nilai kepemimpinan* wontên ing salêbêting *teks* “*Sêrat Cingkâradéwå*”. *Nilai-nilai kepemimpinan*-ipun mênikå wontên sêlangkung, inggih kados ing ngandhap mênikå.

Ngabêktos dhumatêng Gusti

Manungså wajib ngibadah dhumatêng Gusti, amargi manungså mênikå *makhluk* ingkang tanpå dâya. Manungså ingkang ibadahipun saé samangké badhé angsal ganjaran saking Gusti sâhå kosok wangsulipun.

Ênêng

Ênêng ancasipun inggih supados manungså sagêd njagi hâwå nêpsunipun sâhå pikiranipun namung dhumatêng Gusti Allah kémawon. Manawi manungså mênikå sampun sagêd njagi hâwå nêpsunipun kanthi tumindak ênêng, manungså kasêbut badhé tumindak ingkang saé wontên ing pagêsan.

Êning

Êning dipuntindakakên kanthi lampahan kados tå tâpå ingkang ancasipun nyucèni ciptå utawi pikiran sâhå manahipun. Tuladhanipun kanthi pasrah dhumatêng Gusti, mêpêr hâwå nêpsu, sâhå sanès-sanèsipun.

Émut

Manungså gêsang wontên ing donyå kêdah tansah éling sanadyan manungså kasêbut kawontênanipun sangsârå. Manawi manungså tansah éling, manungså kasêbut badhé nindakakên tumindak saé nalikå gêsangipun.

Mituhu dhatêng gurunipun

Murid mênikå kêdah miturut mênåpå ingkang dipunngêndikakên déning gurunipun amargi guru rilå mulang murid kanthi eklas, boten badhé nyuwun mênåpå-

mênåpå dhatêng muridipun. Guru mênikå ugi mulang dhatêng kasaénan sâhå guru botên badhé mulang awon dhatêng muridipun

Wêlas asih

Manungså kêdah gadhah raos wêlas asih dhatêng sêsaminipun amargi manungså gêsang wontên ing donyå mênikå botên piyambakan. Manungså gêsang wontên ing donyå mbêtahakên manungså sanèsipun. Kanthi wêlas asih dhatêng manungså sêsaminipun, gêsangipun manungså mênikå badhé ayêm sâhå têntrem.

Nrimå

Narima tegesipun pasrah nampi pacoben saking Gusti Allah nanging ugi kanthi usâhå. Manawi manungså sagêd gadhah sipat narimå, manungså kasêbut sagêd tansah ngonjukakên raos sukur dhumatêng Gusti Allah.

Rilå

Manungså mênikå manawi angsal pacoban saking Gusti Allah kêdah rilå nampi pacobèn kasêbut. Manawi manungså mênikå nampi pacobèn kanthi rilå, Gusti Allah badhé paring ridhå sâhå ganjaran dhatêng manungså kasêbut.

Lêgåwå

Manungså manawi dipunparingi pacobèn saking Gusti Ingkang Måhå Kuwaos, manungså kêdahipun sagêd lêgåwå narimanipun. Manawi manungså mênikå sagêd lêgåwå nampi pacobèn saking Gusti, samangké sagêd angsal ganjaran saking Gusti Ingkang Måhå Kuwaos.

Awas

Manungså kêdah sagêd awas utawi waspådå dhatêng mênâpâ kemawon innkgang badhé dipuntindakakên. Kajawi saking mênikå, manungså ugi kêdah waspådå dhatêng pocapan sâhå solah bâwå dhiri pribadinipun piyambak. Manawi manungså sampun gadhah sipat waspådå, manungså kasêbut sagêd nguwaosi dhiri pribadinipun piyambak sâhå sagêd nindakakên tumindak ingkang saé.

Sabar

Sabar anggènipun nampi pacobèn têngesipun manahipun kiyat nalikå nampi pacobèn saking Gusti Allah sâhå nampi ingkang dados pèpèsthènipun Gusti. Manungså ingkang sabar anggènipun nampi pacobèn, piyambakipun pitados bilih pacobèn saking Gusti mênikå wontèn *hikmah*-ipun.

Tåtå

Manungså mênikå kêdah gadhah sipat tåtå, sanajan manungså mênikå satunggaling nåtå. Kanthi sipat titi, sadâyå tumindakipun manungså mênikå mawi paugêran saéngga sagêd nuwuhakên tumindak-tumindak ingkang saé.

Titi

Manungså utawi mênikå kêdah gadhah sipat titi. Titi têngesipun taliti utawi ngatos-atos ngantos botên wontèn ingkang cicir, taliti sangêt anggènipun mrikså.

Têtêg

Manungså gesang wontèn ing donyå mênikå tamtunipun naté ngraosakên sakiting manah. Amargi saking mênikå manungså mênikå kêdah gadhah sipat têtêg. Manawi manungså mênikå sampun gadhah sipat têtêg tamtunipun manungså kasêbut sagêd kiyat ngadhêpi sakiting manah kasêbut.

Ngatos-atos

Nalikå srawung kaliyan tiyang sanès kêdah ngatos-atos anggènipun micårå supados botên damêl sakiting manah tiyang sanès. Manawi manungså sagêd tumindak ngatos-atos, samangké badhé rukun kaliyan tiyang sanèsipun.

Tâpâ bråtå

Tâpâ bråtå dipunlampahi kanthi gangsal prakawis, inggih mênikå kanthi ngirangi dhahar, nyudå saré, ngawisi sanggâmå, ngampêt tâpâ ngandikå, sâhå kanthi angicalakên dukå-ciptå.

Têmên

Manungså langkung-langkung satunggaling nåtå mênikå gadhah sipat têmên. Manawi manungså sampun gadhah sipat têmên anggènipun nindakakên sadâyå padamêlan sâhå nampi pacobèn, asilipun mênikå badhé saé.

Bêtah ngangkah

Manungså langkung-langkung satunggaling nåtå mênikå kêdah gadhah sipat bêtah ngangkah. Bêtah ngangkah inggih mênikå kiyat anggènipun nampi pacobèn.

Lêmbah manah

Lêmbah manah inggih sami kaliyan andhap asor. Lêmbah manah dipuntindakakên kanthi tumindak botên gumêdhé kaliyan manungså sanèsipun.

Ngandêl

Ngandêl inggih mênikå pracâyå. Manawi manungså kénging kuciwaning manah, manungså mênikå kêdah gadhah sipat ngandêl bilih kuciwaning manah mênikå namung pacobèn saking Gusti.

Kumandêl

Kumandêl inggih mênikå sagêd dipunpracâyå. Manungså kêdah gadhah sipat sagêd dipunpracâyå supados manungså kasêbut dipunrêmêni tiyang sanès.

Tabêri

Tabêri anggènipun nindakakên pandamêl saé mênikå têngêsipun inggih kanthi srêgêp sâhå ajêg nindakakên pandamêl saé. Manawi manungså sampun sagêd tabêri anggènipun nindakakên pandamel saé, manungså kasêbut badhé ajrih manawi badhé tumindak awon.

Kêndêl analångså

Manungså langkung-langkung satunggaling nåtå mênikå kêdah sagêd kêndêl analångså. Kêndêl analångså dipuntindakakên kanthi kiyat anggènipun nindakakên gêsang sanajan gêsangipun mênikå sangsårå.

Nindakakên lampahing badan

Lampahing badan ing salêbêting teks “Sêrat Cingkårådewå” mênikå wontên pitung

prakawis, inggih mênikå tapaning nétrå, tapaning karnå, tapaning grånå, lésan, ngastå, dakar, sâhå suku.

Mangrêtos ancasipun gêsang.

Manungså utawi nåtå manawi mangretos ancasipun gêsang mênikå badhé tumindak ingkang saé. Ancasipun gêsang manungså ing salêbêting teks “Sêrat Cingkårådewå” wontên pitung prakawis.

DUDUTAN SÂHÅ PAMRAYOGI

Dudutan

Naskah Sêrat Cingkårådewå dipungarap kanthi lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *inventarisasi naskah, deskripsi naskah sâhå teks, transkripsi teks, transliterasi teks, suntingan teks, terjemahan teks, sâhå analisis isining teks.*

Adhêdhasar asiling panalitèn sâhå pangrêmbaging isining teks, *nilai-nilai kepemimpinan* ing salêbêting teks “Sêrat Cingkårådewå” wontên sêlangkung inggih mênikå ngabêktos dhumatêng Gusti, ênêng, êning, émut, mituhu dhatêng gurunipun, wêlas asih dhatêng sêaminipun, nrimå, rilå, lêngåwå, awas, sabar, tåtå, titi, têtêg, ngatos-atos, nindakakên tåpå bråtå kanthi angirangi dhahar, anyudå saré, angawisånå sanggāmå, angampêt tåpå ngandikå sâhå angicalakên dukå-ciptå.

Sasanèsipun mênikå wontên ugi *nilai-nilai kepemimpinanan* sanès inggih mênikå kêdah gadhah sipat têmên, bêtah ngangkah, lêmbah manah, ngandêl, kumandêl, tabêri, kêndêl analångså,

nindakakên lampahing badan inggih kanthi tapaning nétrå, tapaning karnå, tapaning grånå, tapaning lésan, tapaning ngastå, tapaning dakar, sâhå tapaning suku. *Nilai-nilai kepemimpinan* ingkang pungkasan inggih mênikå mangrêtos ancasipun gêsang. Ancasipun gêsang manungså inggih mênikå kasuran, kagunan, kabêgyan, kabrayan kasigihan, kayuswan sâhå kawidagdan.

Implikasi

Adhêdhasar asiling panalitèn sâhå pangrêmbaging ing *teks* “*Sêrat Cingkarådewå*” ingkang sampun kaandharakên, tamtu wontên *implikasi*-nipun. *Implikasi* panalitèn mênikå tumrap *lingkungan perguruan tinggi* mliginipun ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, lampahing panalitèn *filologi* ingkang sampun kalampahan sagêdå dados kawruh anggénipun ngêcakakên ngèlmi *filologi* kanggé naliti *naskah* Jawi sanèsipun.

Wondéné *implikasi* sanèsipun tumrap masarakat umum, isining *teks* “*Sêrat Cingkarådewå*” ingkang ngêwrat bab *nilai-nilai kepemimpinan* supados sagêd dados tambahing sêsêrêpan sâhå pitêdah kados tå sagêd narimå pêpêsthèn saking Gusti Allah, sagêd sabar, rilå, sâhå lêngåwå nampi pacobèn saking Gusti, minangkå manungså kêdah gadhah sipat tåtå, titi, têtêg, ngatos-atos, nindakakên tåpå bråtå kanthi angirangi dhahar, anyudå saré, angawisånå sanggâmå, angampêt tåpå ngandikå sâhå angicalakên dukå-ciptå supados gêsangipun sagêd katåtå

kanthi saé, sâhå sanès-sanèsipun tumrap masarakat umum. Kajawi saking mênikå supados sagêd dipuncakakên kanggé nglampahi pagêsangan ing alam donyå.

Pamrayogi

Adhêdhasar panalitèn *teks* “*Sêrat Cingkarådewå*” ingkang sampun katindakakên tamtu wontên pamrayoginipun. Wondéné pamrayoginipun inggih mênikå panalitèn *naskah-naskah* kinå mliginipun *naskah* Jawi taksih prêlu dipuntaliti kanggé nglêstantunakên *naskah* mênikå. Kajawi saking mênikå piwulang mênåpå déné sêsêrêpan ingkang wontên ing salêbêtipun *naskah* Jawi, ingkang taksih murakabi ing jaman samênikå.

KAPUSTAKAN

- Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Darusuprpta, dkk. 1996. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara.
- Fathurahman, Oman. 2015. *Filologi Indonesia: Teori dan Metode*. Jakarta: Kharisma Putra Utama.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Mulyani, Hesti. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkåra Media.

Robson, S.O. 1994. *Prinsip-prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: RUL.

Robson, Stuart. 1988. *Principles of Indonesian Philology*. Holland: Foris Publications.

Surono. 1983. "Pelestarian Naskah Lama dan Penyebarannya". Paper persyaratan ujian mata kuliah Metode Kritik Teks.

Suryani NS, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: Penerbit Ghalia Indonesia.

Sunindhia, Ninik Widiyanti. *Kepemimpinan dalam Masyarakat Modern*. 1993. Jakarta: PT Rineka Cipta.